# Нохчийн меттан урокехь пох1ма долу бераш лахар,гучудахар,кхиор.

**Нохчийн меттан а, литературин а хьехархо Чермыханова Лиза Айсалтановна.**



**Пох1ма долу бер** - иза кхечарна юкъахь къаьсташ хуьлу шен къеггинчу,гушболчу, наггахь ц1еяхханчу кхиамашца (я дагахь лаам болуш хиларца и кхиамаш баха) оцу я х1окху г1уллакх т1ехь.

# Берашкахь пох1малла гучуйоккху коьрта аг1онаш :

- *кхетаман ;*
- *кхоллараллин я эвсараллин ойланийн ;*
- *юкъараллин я куьйгаллин ;*
- *исбаьхьаллин белхийн ;*
- *х1айттараллин ;*










ША-ШЕН 1АМОР
ХЬЕХАРХОЙН ГОВЗАЛЛА ЛАКХАЯККХАР
БАЛХА Т1ЕХЬ ЗЕБЕЛЛАЧУ ХЬЕХАРХОЙХ МАСАЛ ЭЦАР
ДАЙ-НАНОШЦА БЕН БОЛХ
«Пох1ма долу бераш» программа
СОВДЕШАРАН ОРГАНИЗАЦЕШЦА ЮКЪАМЕТТИГ ЛЕЛОР
БЕРИЙН ХААРИЙН МАХ ХАДОР
УРОКАШ
КЪАЬСТИНА, ШЕЦА ЛЕРРИНА БЕН БОЛХ
КХЕЧУ ТАЙПАНА УРОКАШ
СПЕЦКУРСАШ, ФАКУЛЬТАТИВАШ
ПОХ1МА ДОЛЧУ БЕРАШЦА БЕН ШАТАЙПА БОЛХ
УРОКАЛ АРАХЬАРА ТАЛЛАРАН БОЛХ, ПРОЕКТНИ БЕЛХАШ
КЛАССАЛ АРАХЬАРА БОЛХ
ПРЕДМЕТИЙН К1ИРАНАШ
КРУЖОК АШ
ЛИТЕРАТУРНИ СУЬЙРЕНАШ
КХЕТАМ СОВБОККХУ ЛОВЗАРШ, КЪИЙСАДАЛАРШ
МАССО ТАЙПАНА ОЛИМПИАДАШ

# Пох1ма долчу берашца бечу белхан цхьа кеп (тоба)



6

# Пох1ма долчу берашца бечу белхийн цхьайолу кепаш :

1. Акростих;
2. Керла дешнаш кхоллар;
3. Дош чекхдаккхар;
4. Караде д1алачкъийна дош;
5. Яздархочун ц1е карояр;
6. Фразеологизмаш;
7. Предложенеш х1иттор;
8. Дийцар кхоллар…

## 1.Х1ораммо шен хаарш толлу: «Хьаьнга язъялур яра акростих?»

*Халкъан кхане сирла ю,*
*Адамийн дахар талуш ду;*
*Заза доккхуш Даймохк бу,*
*Анайистехь кхиамаш бу...*
*Хено чевнаш ерзайи,*
*Ерриг хало т1ехтили,*
*Тешам, лерам, барт хили;*
*Арахьа а тидам би –*
*Резахилла жам1аш ди.*

## 2. «Элпаш дехьа-сехьа а дохуш, керла дешнаш кхолла»

Базар – (забар)

Бала – (лаба)

Босса – (совса)

Мокха – (кхоам)

Лами – (мила)

Кхела – (лекха)

# 3. «Ах дош шуьгахь ду»

Шага … (т1улг)

Шап … (тал)

Шар … (шу)

Шай … (т1а)

Шал … (го)

Ши … (ча)

Ша … (да)

## 4. «Караде д1алачкъийна дош»

Шабарш
Калош
Орам
Лампа
Амал

Даймохк
Апари
Ховха
Амат
Рег1а

**Дог1а-жоп:**

1. Берашна 1илма 1амадо меттиг;
2. Массо а чохь са долчу х1уманийн дуьненца дозуш дерг.

# 5. «Яздархочун ц1е яккха»

Гали, аре, йол, синтар, урам, лами, тата, ага, нуй, ога, вота. (Гайсултанов)

(Пох1ма дерг т1аьхьаккхуьур ву, дешнийн хьалхарчу элпех пайда а оьцуш.)

## 6.Таллам бе дешнийн ч1аг1делла цхаьнакхетарийн(фразеологиз-мийн).

«Пхьуьйшахь лаьхьа гайтира» ;

«Башха сан лерг леташ стаг вац»;

«Арахьарчу не1аран арахьара зайл» ;

«Буса г1енах ма гарг» ;

«Къечу нехан хи таделла хан» ;

«Къу-берзан буьйса».

**(Дийца церан маь1на.)**

# 7. Х1ора дашна хьалха цхьа элп долуш предложени х1оттае.

1) Дадин доттаг1чо довхачу дийнахь дечиг даьккхира.

2) Садаьржаш стиглара седарчий сада1а сатуьйсуш санна сегара.

(Предложени яьржина мел хили мах лакхара хадабо.)

**8. Литература урокехь дешархошка дийцар х1оттадойту, шайга жанр а къастайойтий.**

**(Цхьана буса тхо тхаьш дисинера ц1ахь. Ц1еххьана...)**

**Шена т1аьхьавог1учун йиш йохош, сюжет хийцар ю кху балха т1ехь коьрта 1алашо.Пох1ма долчаьрга бен д1а ца бахьало и болх.**

# Белхан новкъахь баккхий кхиамаш хуьлда шун!!!

